

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prosés pangajaran basa Sunda meredih opat kaparigelan basa anu kudu ditepikeun ka siswa nyaéta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat aspék téh kudu ditepikeun kalawan gembleng dina porsi anu saimbang. Dumasar aktivitas makéna, ngaregepkeun jeung maca kaasup kana kaparigelan basa anu sipatna réséptif, sedengkeun nyarita jeung nulis kaasup kana kaparigelan anu sipatna produktif. Nyarita jeung nulis raket patalina, lantaran duanana mangrupa kaparigelan basa pikeun ngébréhkeun pikiran jeung eusi haté anu aya di hiji jalma ngaliwatan simbol-simbol basa. Dumasar kana jihat sistem basa, boh nyarita boh nulis téh, sarua mikabutuh pangaweruh ngeunaan kaéda-kaéda basa lisan jeung basa tulisan. Éta hal anu ngatur hubungan antara panyatur (panulis) jeung paregep (pamacra).

Nulis ogé miboga posisi anu penting dina pangajaran basa di sakabéh tingkatan atikan. Ku kituna, dina kagiatan nulis téh mikabutuh kaparigelan nulis anu hadé. Fungsi jeung tujuan nulis téh loba pisan sarta dipikabutuh dina kahirupan sapopoé. Nulis teu saukur dipikanyaho pikeun prosés ngébréhkeun pamadegan atawa cara pikeun komunikasi ngaliwatan tulisan, tapi nulis gé geus jadi gaya jeung pilihan pikeun némbongkeun jati diri. Salian ti éta, nulis téh mangrupa alat ngabébaskeun diri tina tekenan émosi, sarana ngawangun kareueus kana dirina sorangan, jeung sarana pikeun nyieun kréasi sarta hiburan.

Dumasar hasil wawancara jeung guru basa Sunda di SMA Negeri 17 Bandung, Nita Renyawati, S.Pd., nétélakeun yén memang salila dirina ngajarkeréun nulis téh hésé pisan, komo deui pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Ieu hal dilantarankeun gaya ngajar guru anu kurang variatif nepi ka pangajaran nulis téh kurang dipikaresep ku siswa, antukna loba siswa waktu

dibéré pancén pikeun nulis téh sok asal-asalan. Éta hal mangrupa masalah utama anu remen kapanggih dina pangajaran nulis.

Ku kituna, nurutkeun Fathurohman (2012, kc. 63) ngébréhkeun yén guru anu profesional téh kudu bisa nyiptakeun prosés pangajaran anu nyugemakeun pikeun siswa jeung guruna sorangan, sangkan bisa ngaronjatkeun kréativitas siswa dina diajar nulis. Guru anu miboga peran penting dina pangajaran téh kudu bisa milih matéri jeung modél pangajaran anu luyu sangkan ngahudang minat jeung partisipasi siswa dina prosés pangajaran nulis. Dina ngalarapkeun modél pangajaran anu luyu jeung matéri, dipiharep siswa lain saukur meunang pangaweruh, tapi bisa ngaronjatkeun sikep dina ngaimplementasikeun konsép ajén-inajén anu nyangkaruk dina mata pelajaran basa Sunda kana kahirupan sapopoéna. Tangtuna éta téh lain hal anu sapira, tétéla ieu mangrupa tangtangan pikeun guru dina ngahontal tujuan pangajaran.

Sakumaha ébréh dina SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda tétéla siswa dipiharep mampuh nulis pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina wangun puisi, éséy jeung téks drama. Salasahiji matéri poko anu kudu dikawasa dina aspék nulis kelas XII nyaéta nulis téks drama (Disdik Pemprov Jabar: 124). Nugroho (dina Mulyana, 2011, kc. 121) nétélakeun yén pangajaran sastra (hususna drama) di sakola loba pisan tinemu jeung masalah, can kahontalna hasil diajar anu maksimal mangrupa dampak tina prosés pangajaran anu kurang pas dina sababaraha aspék. Salasahiji aspék anu ngalantarankeun kurang maksimalna pangajaran sastra nyaéta faktor siswa kurang wanoh kana unggal warna (*genre*) karya sastra. Dina matéri sastra, *genre* anu remen jadi ‘korban’ nyaéta prosa (hususna novel) jeung drama. Dina buku acuan diajar siswa atawa buku pakét, téks drama anu dijadikeun bahan ajar téh biasana mangrupa sempalanana hungkul.

Salian ti kurang lengkepna bahan ajar siswa pikeun ngeuyeuban téks drama dina mikawanoh wangun anu gembleng atawa sampurna, kompetensi dasar nulis téks drama téh kurang dibéré pamahaman sarta fasilitas anu bisa ngaronjatkeun nulis téks drama nu hadé tur sampurna. Éta hal dilantarankeun siswa dianggap mampuh jeung paham kana matéri drama, ku sabab di kelas XI, siswa diperedih

pikeun mintonkeun drama, tangtu waé saacan mintonkeun éta drama téh siswa leuwih tiheula kudu nyieun téks dramana.

Ku kituna, waktu guru nepikeun pangajaran nulis téks drama ngan ngagunakeun métode ceramah jeung diskusi, tapi hasilna kurang méré fasilitas anu ngarojong pikeun ngahontal éta tujuan pangajaran. Salian ti éta, karep jeung kamampuh siswa dina nulis téks drama gé masih kénéh héngkér. Éta hal katitén tina can mampuhna siswa dina nyusun dialog jeung diksi anu dipaké kurang merenah (kamalayon), éjahanana anu can bener, ahir carita anu kurang jelas, watek tokoh anu masih samar, galur carita anu teu mérélé sarta teu bisa nyiptakeun konflik.

Nilik kana kasang tukang anu geus ditétélakeun, ieu panalungtikan dilaksanakeun ka siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 kalawan ngalarapkeun modél pangajaran anu bisa numuwuhkeun sarta ngaronjatkeun karep siswa dina nulis téks drama. Model pangajaran anu digunakeun nyaéta modél pangajaran *Picture and Picture*, ieu modél pangajaran téh ngagunakeun média gambar anu diruntuykeun sacara logis sangkan siswa babari nangtukeun galur carita, watek tokoh, ngagambarkeun kaayaan, nyieun dialog-dialog antar tokoh sarta prolog jeung épilog. Dipiharep modél pangajaran *Picture and Picture* bisa jadi alternatif dina pangajaran nulis téks drama pikeun siswa SMA sangkan leuwih optimal.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Picture and Picture* téh kungsi dilaksanakeun, di antarana waé, “*Modél Pangajaran Picture and Picture dina Nulis Karangan Éksposisi siswa SMPN 15 Bandung*” (Nurbaeti, 2008), “*Babandingan Kaéfektivan Métode Ceramah jeung Métode Picture and Picture dina Pangajaran Nulis Déskripsi*” (Mustika Amalia Hidayat, 2010), jeung “*Éfektivitas Modél Picture and Picture pikeun Pangajaran Nulis Carpon*” (Heri Susanto, 2013). Éta hasil panalungtikan nyebutkeun yén kamampuh siswa dina pangajaran nulis déskripsi, karangan éksposisi, jeung carpon ngaronjat saenggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*.

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis anu kungsi dilaksanakeun, hasilna téh nyugemakeun. Panalungtik ngarasa perlu ngalarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture* kana pangajaran nulis wangun séjénnna. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Modél *Picture and Picture* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Drama (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababaraha hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- 1) siswa dianggap mampuh nulis téks drama anu hadé ku sabab pangajaran mintonkeun drama geus ditepikeun di kelas XI SMA;
- 2) modél pangajaran anu dilarapkeun ku guru kurang variatif jeung bahan ajar anu kurang lengkep dina pangajaran nulis téks drama téh ngalantarankeun kagiatan pangajaran téh kurang dipikaresep ku siswa, anu ngabalukarkeun can kahontal sagemblengna tujuan tina pangajaran nulis téks drama, kaasup can wanohna siswa kana karya sastra wangun téks drama; jeung
- 3) héngkérna kamampuh siswa dina nulis téks drama anu katitén tina can mampuhna siswa dina nyusun dialog jeung diksi anu dipaké kurang merenah (kamalayon), ejahanana anu can bener, ahir carita anu kurang jelas, watek tokoh anu masih samar, galur carita anu teu mérélé sarta teu bisa nyiptakeun konflik.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kondisi objéktif di lapangan anu geus ditétélakeun dina kasang tukang masalah di luhur, bisa dirumuskeun masalah anu aya dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*?
- 3) Naha aya bédha kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta ngalarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks drama dina pangajaran basa Sunda kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014, sangkan pangajaran basa Sunda leuwih dipikaresep jeung ngaronjatkeun kréativitas siswa.

1.4.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan ogé miboga sababaraha tujuan husus, nyaéta pikeun ngadéskripsikey:

- 1) kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*;
- 2) kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*; jeung

- 3) bédá kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina modél-modél pangajaran anu digunakeun dina matéri nulis téks drama, sarta bisa ngalarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture* pikeun ngaronjatkeun préstasi diajar siswa. Salian ti éta, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa jadi réferénsi pikeun guru dina nepikeun bahan ajar sangkan kualitas atikan ngaronjat.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) dina jihat paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangaruh minat diajar siswa, hususna dina pangajaran nulis téks drama;
- 2) dina jihat instutisional, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbang guru sangkan leuwih kréatif dina nepikeun matéri pangajaran ka siswana; jeung
- 3) pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu laporan panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Dina Bab I dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan diayakeun panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan modél pangajaran *Picture and Picture*, kaparigelan nulis, téks drama, jeung modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis téks drama. Salian ti éta, dina ieu bab aya raraga mikir jeung

hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan, prak-prakan dina panalungtikan jeung cara ngolah data tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

Bab IV dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran. Hasil tina ieu panalungtikan ngawengku kamampuh nulis téks drama saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*, kamampuh nulis téks drama siswa saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*, bédha kamampuh nulis téks drama siswa saméméh jeung saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*, sarta pedaran hasil panalungtikan modél pangajaran *Picture and Picture* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks drama.

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Sarta aya rékoméndasi atawa saran anu ditepikeun patali jeung hasil panalungtikan.